



Pou Piblikasyon Imedya: 24/09/2020

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE GWROUP TRAVAY KONSILTATIF KLINIK AK GWROUP TRAVAY POU DISTRIBISYON AK EGZEKISYON VAKSEN KI NAN ATANT OTORIZASYON FEDERAL POTANSYÈL POU VAKSEN COVID-19 OTÒN SA A

Gwoup travay konsiltatif klinik la ki gen ladan ekspè medikal ak syantifik premye plan pral revize tout vaksen ke gouvènman federal la otorize distribye

Gwoup travay pou distribisyon ak egzekisyon vaksen ki gen responsabilite avèk preparasyon pou administre vaksen COVID-19 ki apwouve nan Eta New York

Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse jodi a ke Eta New York pral fòme yo Gwoup Travay Konsiltatif Klinik endepandan ki gen ladan syantifik, doktè ak ekspè sante premye plan ki pral revize vaksen COVID-19 ke gouvènman federal la otorize, epi pral konseye Eta New York sou sekirite ak efikasite vaksen an nan konbat viris la.

Anplis de sa, Gouvènè a etabli yon Gwoup Travay pou Distribisyon ak Egzekisyon Vaksen ki responsab pou konsevwa pi bon pwogram pou administre vaksen COVID-19 nan nasyon an. Gwoup Travay pou Distribisyon ak Egzekisyon Vaksen an gen ladan ekspè nan sante piblik, vaksinasyon, operasyon gouvènman, done ak lòt domèn ki enpòtan pou distribisyon ak administrasyon vaksen.

"Repons gouvènman federal la pou COVID la ak pwoblèm Mezon Blanch avèk FDA a souleve gwo kesyon konsènan si wi oswa non ke vaksen an vin politize", **Gouvènè Cuomo te deklare.** "Sensèman, mwen pa pral kwè opinyon gouvènman federal la epi mwen pa t ap rekòmande Nouyòkè yo sou baz opinyon gouvènman federal la. Nou pral mete ansanm pwòp komite revizyon nou ke Depatman Sante a pral dirije pou revize vaksen an, epi m ap nonmen yon komite ki pral vini ak yon plan distribisyon ak egzekisyon sou fason nou pral fè sa. Repons New York ak COVID la se yon modèl pou peyi sa a, epi nou dwe tou se pwogram vaksinasyon modèl pou peyi a."

Gwoup Travay pou Distribisyon ak Egzekisyon Vaksen an pral devlope yon plan pou administre vaksen ki pral gen ladan:

- Pwofesyonèl ak òganizasyon kalifye yo pral administre vaksen an
- Enfrastrikti enfòmasyon (TI) ak done pou planifye randevou ak swiv endikatè pwogram lan
- Pwofesyonèl ak òganizasyon kalifye yo pral administre vaksen an
- Rezo distribisyon ki kapab bay de dòz vaksen pou tout Nouyòkè
- Pwofesyonèl ak òganizasyon kalifye yo pral administre vaksen an

- Edikasyon piblik konsènan pwogram vaksinasyon
- Acha founiti ak ekipman ki nesesè

###

Lèt nou vèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)